



Pou Piblikasyon Imedya: 21/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ETAP ENPÒTAN NAN PWOJÈ RANPLASMAN PON  
NAN LIVINGSTON AVENUE K AP POTE TRANSFÒMASYON NAN ALBANY AK  
RENSSELAER**

***Pwojè pou ranplase pasaj tren enpòtan avèk estrikti modèn ki gen ladan yon vwa  
itilizasyon pataje pou bisiklèt ak pyeton ta dwe kòmanse an 2023***

***Reprezantasyon grafik yo disponib [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon etap enpòtan nan pwojè pou ranplase Pon Fewovye Livingston Avenue (Livingston Avenue Railroad Bridge) k ap pote transfòmasyon nan Albany ak Rensselaer. Administrasyon Fewovye Federal (Federal Railroad Administration, FRA) la te pibliye yon "Konstatasyon Absans Enpak Siyifikatif" (Finding of No Significant Impact, FONSI), yon devlopman kle ki siyale fen pwosesis fòmèl revizyon anviwònman an epi ki pèmèt Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a fè avanse konsepsyon final pou yon nouvo pasaj Rivyè Hudson dènye modèl ak nouvo ki pral amelyore vwayaj tren atravè Empire Corridor, pi byen sèvi trafik maritim epi bay aksè ki nesèsè atravè Rivyè Hudson ak Santye Empire State pou bisiklèt ak pyeton. Yo prevwa kòmanse konstriksyon an nan fen ane 2023.

"Ansyen pon Livingston Avenue an te lakòz difikilte pou vwayajè tren yo nan New York ak nan tout Nòdès la pandan twò lontan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ranplase relik 19yèm syèk sa a se yon pati entegrant nan angajman nou pou modènize enfrastrikti New York la epi mwen felisite Administrasyon Fewovye Federal la paske li te konplete revizyon pwojè sa a rapidman, ki pral non sèlman benefisye moun ki pase sou ray yo, men tou siklis yo ak pyeton yo".

Ranplasman pon Livingston Avenue an te pami pwojè kle ke Gouvènè Hochul te site nan Diskou sou Sitiyasyon Eta 2022 a kòm yon pati yon ajanda agresif pou modènize vye enfrastrikti Eta New York la pou pi byen konekte kominote yo, ankouraje kwasans ekonomik ak amelyore rezistans. Plan kapital 32.8 milya dola DOT Gouvènè Hochul te pwopoze epi Lejislati Eta a te adopte a gen ladan finansman pou ranplase pon ki egziste deja a avèk yon estrikti modèn ki kapab sipòte tren pasaje ki gen pi gwo vitès, tren machandiz pi lou, veso maritim, ak aksè pou bisiklèt ak pyeton atravè tout zòn nan bò Rivyè Hudson.

Emisyon "Konstatasyon Absans Enpak Siyifikatif" oswa FONSI, pa FRA konkli pwosesis revizyon anviwònman federal la, pèmèt DOT eta a fini menm jan an revizyon li te kòmanse dapre Lwa Eta New York sou Evalyasyon Kalite Anviwònman an, epi fè avanse avèk konsepsyon final ak konstriksyon. DOT te òganize odyans piblik vityèl ak an pèsòn sou pwojè a pandan sezon prentan an, kote anviwon 150 moun te patisipe. Yon evalyasyon anviwònmantal pou pwojè a disponib pou revizyon [isit la](#).

Pon Fewovye Livingston Avenue an te konstwi sou Rivyè Hudson nan 19yèm syèk la. Li konekte Rensselaer ak Albany atravè fewovye epi bay yon santye enpòtan pou sèvis fewovye pasaje depi Vil New York rive Lwès New York. Deteryorasyon estrikti aktyèl la, ke CSX posede epi Amtrak lwe, limite pasaj tren yo nan youn alafwa nan vitès 24 km pa lò. Nouvo pon an pral akomode sèvis pasaje amelyore pandan l ap, an menm tan, amelyore aksè nan bò dlo Albany ak Rensselaer ak amelyore kalite lavi sou toude bò rivyè a. Li pral bay yon nouvo koneksyon nan Santye Empire State istorik la, ki kouvri 1207 kilomèt ak soti nan Vil New York atravè Hudson ak Champlain Valleys rive Kanada ak soti Albany rive Buffalo sou Kanal Erie a.

Pon balanswa aktyèl mobil la ap ranplae pa yon nouvo pon nan estil elevatè k ap pote estrikti a nan estanda modèn pou wotè, lajè ak vitès pou tren pasaje ak machandiz epi k ap akomode yon fason pi fyab trafik maritim apati Hudson River. Nouvo pon an pral sitiye nan sid pon ki egziste deja a nan yon aliyman paralèl epi t ap pote de chemen de fè. Travay vwa apwoksimasyon an pral gen ladan amelyorasyon nan jonksyon triyangilè chemen de fè sou kote Rensselaer pou fasilite mouvman viraj tren yo ak reyabilitasyon pon fewovye nan Water ak Center Streets sou kote Albany. Nouvo pon an pral gen ladan tou yon chemen pou izaj pataje ki separe ki konekte Pasrèl Albany an ak Santye Empire State la nan Vil Rensselaer.

Finisman nouvo pon an, ke yo prevwa nan fen ane 2026 la, pral bati sou siksè pwojè anvan yo nan yon zòn ozalantou Vil Albany, ki gen ladan Pasrèl Albany an, ki te transfòme yon ranp sòti nan direksyon nò Interstate 787 ki pa te itilize ase pou tounen yon pak ki eleve ki konekte anba lavil la ak Rivyè Hudson; ak Santye Empire State istorik la.

**Komisè Depatman Transpò New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Ranplasman pon Livingston Avenue a pral yon reyalizasyon istorik ki pral amelyore sèvis tren pasaje yo ak machandiz atravè Nòdès la epi ap montre, yon lòt fwa ankò, okenn eta p ap fè plis pou rekonstwi enfrastrikti enpòtan li yo nan fason ki benefisye kominote gwo ak piti pase Eta New York anba lidèchip Gouvènè Hochul".

**Senatè Charles Schumer te deklare,** "Sa a se yon lòt etap enpòtan nan objektif nou pataje pou yon nouvo Pon Livingston Avenue ki pral asire trafik tren ak maren san entèripsyon pou jenerasyon k ap vini yo, pandan l ap bay aksè san parèy pou bisiklèt ak pyeton ki pral konekte ansanm sistèm santye rivyè nou yo. Mwen felisite zanmi mwen, Gouvènè Hochul, pou lidèchip li nan pwojè sa a. Objektif plizyè deseni sa a nan nivo nou".

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Mwen te defann depi lontan amelyorasyon tren nan New York, epi se yon etap enpòtan nan asire tren fyab nan Rejyon Kapital la ap ranplase Pon Livingston Avenue an. Pwojè sa a pral kreye djòb, rekonstwi yon enfrastrikti enpòtan, ak pi byen konekte Nouyòkè yo, epi mwen pral kontinye travay pou asire New York jwenn tout envestisman federal nan tren nou bezwen yo".

**Reprezantan Paul Tonko te deklare,** "Mwen sipòte pwojè Pon Fewovyè Livingston Avenue ki pral ini kominote nou yo pandan l ap ranfòse ekonomi nou an epi bay rezidan yo sèvis kle atravè Rejyon Kapital la. Anons jodi a se yon etap enpòtan nan efò kontinyèl sa a. Mwen remèsye tout moun ke efò yo ap fè pwojè enpòtan sa a avanse epi kote devouman yo kontinye fè rejyon nou an yon pi bon plas".

**Senatè Eta a, Neil Breslin, te deklare,** "Avèk nouvèl ke Pwosesis Revizyon Anviwònman an te konkli ak Administrasyon Federal Fewovyè a te jwenn ke pa gen okenn enpak siyifikatif, nou kounye a yon pa pi pre pou wè pwojè enfrastrikti transfòmasyon sa a reyalize. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Depatman Transpò Eta New York la pou angajman yo nan pwojè sa a ki pral benefisye chofè, pyeton ak siklis yo".

**Manm Asanble John T. McDonald III, te deklare,** "Anons sa a se yon gwo pa an avan nan plan an pou ranplase Pon Fewovyè Livingston Avenue ki nan Albany ak Rensselaer. Pwojè a pral ranfòse lyan enpòtan pou Sèvis Tren Pasaje nan Eta New York pandan l ap bay opòtinite pou amelyore koneksyon ak bò rivyè Albany ak Rensselaer pou pyeton ak siklis yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Depatman Transpò Eta New York pou angajman kontinyèl yo nan rekonstwi enfrastrikti enpòtan nan Eta New York".

**Manm Asanble Patricia Fahy te deklare,** "Pwojè ranplasman Livingston Avenue Bridge la se yon gwo pwomès pou Rejyon Kapital la sou toude bò Hudson fòmidad la. Nouvèl jodi a ke pwojè sa a ap kontinye vanse byenvini epi li make kòmansman yon nouvo epòk koneksyon ant rivyè ant kominote k ap grandi bò rivyè nou yo, ki enkli anba lavil Albany. Pandan n ap chèche bati plis kominote ki gen plizyè mwayen transpò, ak pou pyeton mache atravè nò Eta New York ak Rejyon Kapital la, pwojè ki itilize enfrastrikti ki egziste deja ak amelyore kalite lavi tankou pon Livingston Avenue yo enpòtan anpil. Mwen pa ka tann pou m wè pwogrè kontinyèl yo nan pwojè sa a ak felisite ansanm pati konsène yo k ap travay di pou pèmèt li reyalize".

**Chèf Egzekitif Konte Albany, Daniel P. McCoy, te deklare,** "Jodi a se yon lòt etap enpòtan nan ranplasman Pon Livingston Avenue, yon pati kle nan enfrastrikti ki vin tounen yon relik pase apre twòp ane neglijan. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li rapidman fè inisyativ sa a vin yon priyorite, sila ki pral amelyore radikalman transpò tren, ogmante opòtinite lwazi avèk yon chemen ki gen plizyè itilizasyon, epi ranfòse ekonomi lokal ak rejyonal nou an. Lè m mande opinyon piblik la epi fè yon bon revizyon anviwònman an, mwen kontan ke pwojè sa a pa sèlman ap fèt, men tou, mwen ap byen fèt".

**Majistra Albany an, Kathy Sheehan te deklare,** "Etap enpòtan jodi a mete nou yon lòt pa pi pre ranplasman Pon Fewovye Livingston Avenue an ke yo t ap tann depi lontan an. Envestisman 400 milyon dola Gouvènè Kathy Hochul la, ansanm ak 16 milya dola Lidè Majorite Sena a, Chuck Schumer, te garanti pou reparasyon enfrastrikti Amtrak nan tout peyi a, pral ede konplete pwojè sa a ki pare pou demare ki pral non sèlman revitalize pon an ki toupre nevyèm estasyon tren ki pi frekante nan peyi a, men tou ki pral kreye yon chemen ki pratik pou pyeton ak bisiklèt atravè Rivyè Hudson lan - sa k ap konekte davantaj Albany ak bò rivyè nou an ak pwent lès la. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Dominguez, pou lidèchip yo, ak Administrasyon Fewovye Federal la pou konstatasyon yo an ki fè avanse pwosesis ranplasman an".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418